

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Carita tina kajadian-kajadian anu geus kaliwat patali jeung kaayaan hiji wewengkon atawa nagara disebut sajarah. Ku cara neuleuman runtuyan unggal kajadian dina sajarah urang bisa nyokot mangpaat pikeun kahirupan kiwari. Sangkan bisa diteuleuman ku masarakat kiwari, carita sajarah anu ukur ditepikeun sacara lisan kudu didokumentasikeun kana karya tulis atawa buku.

Sababaraha carita sajarah nu kajadian di Tatar Sunda réa anu digambarkeun dina karya sastra wangun novél, salah sahijina nya éta novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa. Ieu novél teu béda tina novél Sunda séjénna anu nyaritakeun kahirupan urang lembur. Nu ngabédakeunna nya éta biasana nu dicaritakeun téh lembur anu tingtrim tur suni, tapi dina ieu novél mah lembur téh jauh tina katingtriman lantaran harita mangsa babarontakan gorombolan DI/TII nu hayang ngadegkeun Nagara Islam.

DI/TII téh singgetan tina Darul Islam/Tentara Islam Indonesia anu diadegkeun ku Sekarmadji Maridjan Kartosuwirjo. Kahayang ngadegkeun Nagara Islam dimimitian mangsa Kartosuwirjo ngahiji jeung Partai Syarikat Islam (PSI) taun 1920, tapi tungtungna PSI leungiteun sumanget antukna Kartosuwirjo milih jalanna sorangan. Dina bulan Mei 1948 Kartosuwirjo ngumumkeun yén manéhna salaku Imam Besar, tuluy bulan Agustus 1949 Kartosuwirjo jeung gorombolanna ngabéwarakeun nagara anyar nya éta Darul Islam (Solahudin, 2011, kc. 53-62). Gorombolan anu lalaki dilatih kamilitéran tuluy dingaranan Tentara Islam Indonesia. Harita DI netepkeun jihad ngalawan pamaréntah, nu disebut jihadna nya éta perang jeung tentara, sarta perang jeung urang lembur anu dianggap murtad. Mungguh cara perangna téh nya éta ngarampas harta jeung maéhan urang lembur anu teu daék ngarojong ka gorombolan DI, sarta anu nolak kana syari'at Islam nu diajarkeun ku DI. Antukna loba masarakat nu leuwih milih ngungsi ka wewengkon nu leuwih aman. Maranéhna harita nepi ka cul imah jeung sawah

Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA

DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa kebon. Sabada DI turun atawa nyerah, urang Sunda téh tangtu bungah pisan. Kajadian sajarah éta téh diantarana digambarkeun dina Novél *Lembur Singkurkarya* Abdullah Mustappa, nu medal 17 taun sabada babarontakan DI/TII dina taun 1979.

Abdullah Mustappa lahir di Limbangan, Garut, 18 Nopémber 1945 nulis prosa, puisi, jeung ésséy boh dina basa Sunda boh dina basa Indonésia. Buku anu geus diterbitkeun diantarana *Hang Tuah (1974)*, *Lembur Singkur (1979)*, *Nu Teu Kungsi Kalisankeun* (kumpulan carpon, 1985), *Mikung (1985)*, *Si Mata Heulang* (saduran bébas), *Wirahma Sajak* (panganteur apresiasi puisi keur siswa sakola lanjutan, 1985), *Cihaliwung Nunjang Kidul (1995)* jeung *Titimangsa 68 Sajak Alit (2013)*. Nulis téh lain hal anu gampang, tapi sacara serius Abdullah Mustappa bisa ngaleukeunan nulis kasustraan jeung jurnalistik dina basa Sunda jeung basa Indonésia. Tulisanna kabukti sababaraha kali dilélér hadiah, boh dina widang kasusastraan boh dina widang jurnalistik, sarta boh tulisan dina basa Sunda boh tulisan dina basa Indonésia. Éséyna ngeunaan puisi Amir Hamzah unggul dina sayembara nu diayakeun ku Pusat Bahasa, Jakarta. Taun 1995 Abdullah dilélér Hadiah Samsudi pikeun bacaan barudak ti Yayasan Kabudayaan Rancagé. Taun 1997, Abdullah dilélér Anugerah Jurnalistik “Zulharmas” ti PWI Pusat, pikeun éséyna “Kita Butuh Dialog Kebudayaan” nu dimuat dina *Pikiran Rakyat*. Tuluy taun 2001 dilélér Hadiah Jurnalistik Moh. Koerdi ti Paguyuban Pasundan. Taun 2006, Abdullah Mustappa diélér hadiah Sastra Rancagé pikeun jasa-jasana dinaenggoning ngamumulé jeung ngamekarkeun kasusastraan Sunda.

Gumelarna karya sastra dina wangun puisi, prosa, atawa drama lantaran aya nu nyiptakeunna, nya éta pangarang. Pangarang salaku makhluk sosial moal leupas tina kaayaan sosial anu disanghareupan. Karya sastra disebut-sebut minangka gambaran tina hiji kaayaan sosial. Lantaran karya sastra mangrupa karya cipta anu ngaéksprésikeun rasaan, jeung ngébréhkeun deui panitén, gagasan, sarta pangalaman pangarang dina nyurahan masalah sosial nu disanghareupan. Jadi saupama ditalaah leuwih jero, dina karya sastra bakal katempo éksprési, rasaan jeung sawangan pangarang kana hiji kaayaan.

Salah sahiji *genre* karya sastra nu écés dina ngagambarkeun kahirupan masarakat sosial dina wangun prosa nya éta novél. Novél téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang atawa kompléks (Isnéndés, 2010, kc. 39). Ku kituna, novél bisa midangkeun rupa-rupa kajadian, palaku, sarta laluasa dina ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh. Para tokoh ngabogaan karakter nu patali jeung aspék-aspék kahirupan nu diéksprésikeun ku pangarangna.

Sacara jujur pangarang ngébréhkeun sakabéh rasa anu disamunikeun ngaliwatan karya sastra. Dina karya sastra pangarang salaku nu nyiptakeun karya pasti ngalaman prosés kréatif. Prosés kréatif téh mangrupa *aktualisasi diri*, lantaran prosés kréatif hiji pangarang béda jeung pangarang séjénna. Ku cara nganalisis eusi karya sastra sarta wawancara jeung pangarang, sakabéh éksprési jeung prosés kréatif pangarang bisa kapanggih.

Kecap sastra asalna tina basa Sangskerta nya *éta* sas jeung *tra*. *Sas* hartina: ngarahkeun; ngajarkeun; ngawulangkeun; méré pituduh atwa paréntah. *Tra* téh mangrupa kecap ahiran anu biasana nuduhkeun alar; pakakas; sarana (*device*). Jadi upama di hijikeun jadi ‘sastra’ hartina téh pakakas pikeun miwulang; buku pituduh atawa buku pangajaran (Isnéndés, 2010, kc. 1). Katompérnakeun istilah sastra téh minangka karya seni anu digelarkeunna ngagunakeun basa pikeun ngébréhkeun pangalaman sarta betusan rasa nu diolah sacara istimewa jadi wangun basa nu éndah.

Basa salaku média dina nyiptakeun karya sastra mangrupa pakakas sosial pikeun komunikasi sarta ngébréhkeun gambaran kahirupan. Sakabéh faktor nu dialaman dina prosés kréatif dikomunikasikeun sarta diébréhkeun ngaliwatan médium basa. Prosés kréatif pangarang bisa ditalaah ngaliwatan pamarekan éksprésif meunang Abrams. Dina pamarekan éksprésif dipedar hal-hal ngeunaan diri pangarang anu patali jeung karya.

Pamarekan éksprésif Abrams neueurkeun prosés ti saacan karya sastra éta gumelar nepi ka prosés gumelarna. Dina pungsi jeung kalungguhanana pamarekan éksprésif ampir mirip jeung pamarekan biografis, nya éta karya sastra téh mangrupa *manifestasi subjek kreator*. Pamarekan éksprésif teu ngan ukur méré

Liana Cantika, 2017

**PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA**

**DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

perhatian kana kasang tukang karya sastra éta gumelar tapi ogé merhatikeun wangun-wangun nu aya di jero karya sastra nu dihasilkeun ku pangarang (Ratna, 2015, kc. 68).

Jadi pamarekan éksprésif mah maluruh eusi karya ku cara merhatikeun hal-hal dina diri pangarang. Misalna kasang tukang sosial, kasang tukang atikan, kagitanna, pakasabanana, agamana, sawanganna, visi-misi hirupna, jsb. Pokona sagala hal ngeunaan diri pangarang dipatalikeun jeung karyana. Tapi dina pamarekan ieu nu leuwih utamana téh nya éta karyana. Hal-hal ngeunaan pangarang ukur dijadikeun téks anu ngadukung pikeun nganalisis

Novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustapa, mangrupa novél nu situasina ngagambarkeun kaayaan anu kungsi dialaman ku masarakat Sunda (*realistis*) ogé mangrupa catatan ngeunaan sajarah masarakat Tatar Sunda. Nurutkeun Solahudin (2011, kc. 74) salila 13 taun masarakat di Jawa Barat kungsi keueung lantaran aya babarontakan DI ti mimiti taun 1949 nepi ka 1962. Karugian nu kaalaman ku urang Sunda nya éta ruksakna *infrastruktur*, hasil tani ngurangan, jeung warga nu jadi korban nepi ka 22.895 jalma, sedengkeun karugian matéri anu dialaman ku nagara nepi ka 650 juta rupiah. Abdullah Mustappa salaku pangarang novél *Lembur Singkur*, ti umur 4 taun nepi ka 17 taun ngalaman kumaha keueungna suasana di Tatar Sunda alatan DI. Malah dina sababaraha kali wawancara jeung anjeunna, katembong anjeunna masih kénéh boga rasa trauma alatan babarontakan Gorombolan Di harita. Bisa jadi ieu novél mangrupa éksprési rasa tina anu kungsi kaalaman ku anjeunna.

Panalungtikan nu matalikeun pangarang jeung karyana geus kungsi aya saacanna, nya éta: “Perspektif Biografis dina *Novél Kolébat Kuwung-kuwungan, Kinasih Katumbirian* jeung *Galuring Gending* Karya Tatang Sumarsono: Analisis Sosiologi Sastra” (Sutisna, 2011), “Unsur Objektif jeung Éksprésif Novél *Béntang Pasantén* Karya Usep Romli H.M. Pikeun Bahan Maca Pedaran Sastra Siswa di SMA Kelas XI” (Ningrum Cahmawati, 2013), “Aspek Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan” (Arif Ali Abdilah, 2013), jeung “Perspektif Biografis Novél *Sabalakana* Karya Dadan Sutisna” (Fitrya Aulia, 2016). Tapi panalungtikan kana novél *Lembur Singkur* mah can

Liana Cantika, 2017

**PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA**

**DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kungsi aya. Dina ieu panalungtikan anu dipaluruh téh perkara téknik prosés kréatif sarta psikologi pangarang ngaliwatan pamarekan ékprésif. Ieu panalungtikan judulna “Prosés Kréatif Abdullah Mustappa Dina Novél *Lembur Singkur* : Kajian Ékprésif Karya” can kungsi aya nu ngalaksanakeun. Ku kituna, perlu dilaksanakeun sangkan méré sawangan séjén pikeun nalungtik karya sastra.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang yén novél *Lembur Singkur* téh mangrupa novél anu ngarekam hiji situasi sajarah sarta nu ngarangna ngalaman pisan éta kajadian pasti aya hal-hal anu leuwih ngirut saupama dipaluruh, ku kituna aya sababaraha rumusan masalah nu dipidangkeun dina wangun kalimah patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha unsur-unsur éksprésif anu dialaman ku Abdullah Mustappa anu patali jeung novél *Lembur Singkur* ?
- 2) Kumaha téknik prosés kréatif Abdullah Mustappa waktu ngarang novél *Lembur Singkur* ?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu geus didadarkeun, ieu panalungtikan miboga tujuan husus sarta tujuan umum.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan nya éta ngaguar novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa anu mangrupa gambaran tina kajadian sajarah anu kungsi kajadian di tatar Sunda.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan tina dilaksanakeun ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Unsur-unsur éksprésif nu dialaman ku Abdullah Mustappa nu patali jeung gumelarna novél *Lembur Singkur*.
- 2) Téknik prosés kréatif Abdullah Mustappa waktu ngarang novél *Lembur Singkur*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké ngalengkepan jeung ngabeungharan élmu pangaweruh ngeunaan studi karya sastra Sunda hususna novél, nu ngagunakeun pamarekan éksprésif. Sarta bisa méré sawangan kana kumaha ngalarapkeun pamarekan éksprésif jeung téknik prosés kréatif, dina maluruh prosés kréatif Abdullah Mustappa waktu ngarang novél *Lembur Singkur*.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta:

- 1) pikeun pangarang, ieu panalungtikan baris meunangkeun gambaran ngeunaan cara ngaekspresikeun sarta prosés kréatif dina ngarang;
- 2) pikeun kritikus, ngaliwatan pamarekan éksprésif bisa ngungkabkeun, unsur-unsur éksprésif pangarang, prosés kréatif jeung kasang tukang hiji karya;
- 3) pikeun para mahasiswa sastra Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber informasi sarta jadi pangdeudeul dina studi literatur pikeun nambahan pangaweruh téori jeung kritik sastra;
- 4) pikeun masarakat umum, bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra teu ngan ukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh ngeunaan gambaran sajarah.

## 1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan mangrupa gambaran umum sistematika nyusun skripsi nu méré gambaran eusi dina unggal bab sarta hubungan antara hiji bab jeung bab saterusna. Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, anapon sistematika penulisan panalungtikanana nya éta ieu di handap.

Bab 1 medar gambaran umum ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta sistematika tulisan.

Liana Cantika, 2017

**PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA**

**DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab 2 ngawengku ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah nu dijieun objék panalungtikan, eusina ngajelaskeun sacara *déskriptif* tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén nu aya pakaitna jeung panalungtikan.

Bab 3 ngawengku métode panalungtikan nu ngajelaskeun prosedur panalungtikan, ti mimiti tiori nu dipaké, informasi ngeunaan objék nu ditalungtik, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, tahapan ngumpulkeun, ngolah, sarta analisis data.

Bab 4 ngawengku hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung analisis panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah ku cara ngadéskripsikeun sacara proporsional.

Bab 5 nya éta kacindekan, impleméntasi jeung rékoméndasi. Tuluy réfléksi tina hasil analisis panalungtikan sarta saran pikeun nu ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.